



Biwo Sistèm Rezolisyon Pwoblèm

Gid Pwosedì Plent konsènan Edikasyon Espesyal

Mizajou 29 Me 2025

Tab Dè Matyè

I.	Konsènan PRS ak Gid sa a.....	4
II.	Asistans teknik.....	6
III.	Otorite / Konpetans PRS	6
IV.	Depoze yon Plent konsènan Edikasyon Espesyal.....	7
	a) Kopi Plent lan pou Lòt Pati a	8
	b) Kondansyalite ak Aksè Tyès Pati yo a Enfòmasyon yo	9
V.	Kontni Obligatwa yon Plent	9
VI.	Delè pou Depoze yon Plent Konsènan Edikasyon Espesyal	11
	a) Dat Resepsyon	11
	b) Tretman Plent lan	11
VII.	Tantativ Rezolisyon Pandan yon Plent Annatant	12
VIII.	Kalandriye pou Envestigasyon an	12
IX.	Retire yon Plent.....	13
X.	Mennen Envestigasyon an	13
	a) Dènye Opòtinite pou Pleyan an Soumèt Lòt Enfòmasyon	15
	b) Demann Posib Enfòmasyon Annapre	15
XI.	Detèminasyon an	15
XII.	Aksyon Korektif	16
XIII.	Aksè Pati yo a Enfòmasyon yo Pandan Pwosesis Plent PRS la	18
XIV.	Finalite Desizyon an	19
XV.	Plent BSEA ak PRS konsènan Edikasyon Espesyal	20
	a) Medyasyon ak Plent PRS konsènan Edikasyon Espesyal	20

b)	Odyans Pwosedir Ekitab ak Plent PRS konsènan Edikasyon Espesyal	21
XVI.	Revanj Entèdi.....	22
XVII.	Plent konsènan elèv ki enskri nan lekòl prive avèk depans prive	22
XVIII.	Sipèvizyon Jeneral Depatman an	23
XIX.	List Tèm ak Definisyon yo	24

Biwo Sistèm Rezolisyon Pwoblèm (PRS) Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè a (Depatman) bay elèv yo, fanmi yo, distri lekòl yo, ak lòt manm kominote a aksè fasil a enfòmasyon konsènan dwa ak opsyon edikatif elèv yo ak aksè a yon fowòm rapid, egzat, ak jis, pou rezoud konfli.

I. Konsènan PRS ak Gid sa a

Depatman an pran angajman pou ede moun yo, lekòl yo, ak distri lekòl yo rezoud pwoblèm epi ankouraje distri lekòl yo ak lekòl yo aji rapidman pou reponn kesyon ak enkyetid sou pwogram edikasyon elèv yo. Atravè PRS, Depatman an okipe plent jan lwa ak règleman federal ak etatik aplikab yo egzije sa. Gid sa a limite a pwosedi ki gen rapò ak tretman PRS bay plent pou yon vyolasyon [Pati B Lwa sou Edikasyon Moun Andikape yo \(IDEA\)](#), [règleman aplikasyon li yo](#), oswa lwa sou edikasyon espesyal eta a ([M.G.L. c.71b](#)) oswa règleman edikasyon espesyal eta a ([603 C.M.R. 28.00](#) oswa [603 C.M.R. 18.00](#)).

Yo ankouraje pati yo kontinye travay ansanm pou rezoud konfli yo anvan, pandan, ak apre yon plent te depoze. Si pati yo rezoud tout oswa yon pati nan enkyetid ki soulve nan plent lan, pleyan an ka retire enkyetid ki rezoud yo.

Tanpri sonje, gid sa a pale de Plent konsènan Edikasyon Espesyal, jan sa defini nan [Lis Tèm ak Definisyon yo](#). Si w enterese depoze yon *plent konsènan edikasyon jeneral*, tanpri kontakte PRS pou plis enfòmasyon. Tanpri sonje, kèk egzijans ki gen rapò ak tretman PRS bay plent konsènan edikasyon espesyal pa aplikab pou lòt plent yo. Pa egzanp, delè rezolisyon ki aplikab pou plent konsènan edikasyon espesyal pa aplike pou plent konsènan edikasyon jeneral.

Kominike avèk PRS

Gen plizyè fason pou kontakte PRS pou kesyon oswa enkyetid. Pi souvan, moun yo voye yon imèl oswa rele biwo a dirèkteman. Espesyalis PRS yo disponib ant 8:45 a.m. ak 5:00 p.m. chak jou ouvrab nan kowòdone sa yo:

Problem Resolution System Office
Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education
135 Santilli Highway - Everett, MA 02149
Telefòn Prensipal: 781-338-3700
TTY: N.E.T. Relè: 1-800-439-2370
Faks: 781-338-3710
Imèl: compliance@doe.mass.edu

Depatman an gen aksè a entèprèt ki ka bay sèvis entèpretasyon sou demann pandan apèl telefòn nan plis pase 140 lang. Anplwaye PRS yo ka jwenn aksè imedyatman a entèprèt pa telefòn yo si sa nesesè pou bay sèvis entèpretasyon pou konvèsasyon an.

Lè yo voye yon imèl nan bwat postal konfòmite PRS la, yo pral voye li bay yon Espesyalis PRS pou yon repons jan sa apwopriye. Si imèl la se nan yon lang ki pa anglè, PRS ap fè tradui imèl la epi fè swivi jan sa apwopriye, tankou bay yon repons alekri ki tradui nan lang imèl yo te resevwa.

PRS fè efò pou rann tèt li aksesib pou tout moun ki enterese, tankou fanmi, edikatè, ak manm kominote a. Pou fè sa, enfòmasyon sou PRS ki afiche sou [sit entènèt Depatman an](#) epi yo enkli [nan Avi Paran an sou Garanti Pwosedi yo](#).

Fonksyon Espesyalis PRS yo

Espesyalis PRS yo se anplwaye Depatman an ki bay piblik la asistans teknik epi mennen investigasyon sou plent ki depoze nan PRS. Yon fwa yo depoze yon plent, Espesyalis PRS yo se jeneralman pwen kontak pati ki enplike yo pandan tout egzamen plent yo a. Pou bay sipò rapid ak egzat nan kominote a, Espesyalis PRS yo ka konsilte tou lòt pwofesyonèl nan Depatman an, lòt ajans, oswa resous pou reponn kesyon oswa mande klarifikasyon sou egzijans ki aplikab yo.

II. Asistans Teknik

PRS disponib pou bay konsèy ak reponn kesyon jeneral paran / responsab legal, pèsonèl lekòl, ak lòt manm piblik la ki gen rapò ak lwa, règleman, ak politik edikasyon etatik ak federal yo. Pou mande asistans teknik nan PRS, itilize kowòdone ki endike nan Seksyon I gid sa a.

III. Otorite / Konpetans PRS

PRS gen otorite pou mennen investigasyon sou akizasyon ki te fèt nan yon ane kalandriye apati dat resepsyon plent lan. Akizasyon sa yo ka gen ladan yon distri eskolè oswa yon ajans piblik te vyole yon egzijans Pati B IDEA, règleman aplikasyon li yo, oswa lwa oswa règleman edikasyon espesyal eta a. Egzanp akizasyon PRS trete, gen ladan, men pa sèlman:

- Yon plent ki konteste detèminasyon elijiblite yon ajans piblik;
- Pwoblèm pwosedi ak kesyon ki gen rapò ak aplikasyon egzijans yo;
- Yon plent ki deklare yon distri oswa yon ajans piblik te refize yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE), tankou si yon pleyan ap chèche ranbousman ekolaj oswa plasman nan yon lekòl prive pou leta peye nan yon elèv patikilye; epi
- Yon plent ki deklare yon distri lekòl oswa ajans piblik pa te bay yon FAPE a yon timoun patikilye oswa yon gwoup timoun an akò ak Pati B IDEA a, règleman aplikasyon li yo, oswa lwa oswa règleman edikasyon espesyal eta a.

PRS gen otorite pou mennen investigasyon sou akizasyon ki gen rapò ak yon elèv patikilye oswa yon gwoup elèv. Anplis de sa, PRS responsab pou detèmine si li gen konpetans pou kèk oswa tout akizasyon yo nan yon plent. PRS pa pral mennen investigasyon sou akizasyon li pa konpetan pou yo. Si PRS pa konpetan pou okenn nan akizasyon yo nan yon plent, PRS pral bay pati yo yon notifikasyon alekri ki eksplike rezon ki fè li pa mennen investigasyon sou akizasyon an(yo). Si PRS konpetan pou kèk, men pa tout akizasyon ki souleve nan yon plent, PRS pral bay yon notifikasyon alekri ki idantifye akizasyon ki fèmen yo, rezon pou fèmti a, ak akizasyon PRS pral ankete sou li (yo) a paske yo anba otorite li.

Tanpri gade konsèy sa yo ki soti [nan Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal Depatman Edikasyon Etazini an](#) pou plis enfòmasyon sou plent eta a.

IV. Depoze yon Plent konsènan Edikasyon Espesyal

Nenpòt moun oswa òganizasyon, tankou youn ki soti nan yon lòt Eta, ka depoze yon plent bò kote PRS ki deklare yon distri lekòl, lekòl piblik, kolaborasyon edikatif, lekòl endepandan, lekòl prive edikasyon espesyal ki apwouve, oswa nenpòt ajans piblik¹ jan sa defini nan 34 CFR § 300.33 pa te respekte yon egzijans:

- Pati B Lwa sou Edikasyon Moun Andikape yo (IDEA); oswa
- Règleman aplikasyon IDEA Pati B nan 34 CFR §300; oswa
- Lwa sou Edikasyon Espesyal Massachusetts (M.G.L. c. 71B); oswa
- Règleman edikasyon espesyal Depatman an nan 603 C.M.R. 28.00 oswa 603 C.M.R. 18.00.

Plent yo soumèt bay PRS ka deklare vyolasyon ki gen rapò ak yon elèv patikilye oswa yon gwoup elèv, ki ka refere yo kòm yon plent sistèmik.

PRS aksepte plent atravè sistèm sou entènèt li a, ki aksesib sou paj wèb PRS la nan:

doe.mass.edu/prs/. Yo bay enstriksyon pou ranpli fòm resepsyon an sou sitwèb la.

Fòm resepsyon PRS la disponib fasilman sou sitwèb PRS la nan plizyè lang epi yo ka tradui l nan lòt lang si sa nesesè. Anplis de sa, yo ka depoze yon plent nan nenpòt lang. Si PRS konnen yon Pleyan gen yon lang prensipal ki pa anglè, PRS pral bay tout komunikasyon oral ak ekri ni nan lang anglè ni nan lang prensipal pleyan an. Si yo soumèt yon plent bay PRS nan yon lang ki pa anglè,

¹Antanke Ajans Edikasyon Eta a, Depatman an enkli nan definisyon yon ajans piblik dapre 34 CFR §300.33. Se poutèt sa, dapre 34 CFR §§ 300.151 jiska300.153, nenpòt moun oswa òganizasyon ka depoze yon plent nan PRS ki deklare Depatman an te vyole IDEA Pati B oswa règleman aplikasyon li yo nan 34 CFR Pati 300. Nenpòt plent konsa dwe satisfè egzijans ki endike nan 34 CFR § 300.153 epi li pral trete an konfòmite avèk egzijans ki nan Pati B IDEA, règleman aplikasyon li yo, ak Gid sa a. Tanpri sonje, sepandan, PRS pa oblije epi li pa aksepte oswa trete plent kont Depatman an ki sòlve dapre lwa oswa règleman eta a, ki gen ladan, men pa sèlman, G.L. c. 71B, 603 CMR 18 oswa 28.

anketè a pral tradwi plent lan. Byenke PRS rekòmande pou itilize fòm resepsyon sou entènèt li a, pleyan yo pa oblije itilize li (gade anba a pou plis enfòmasyon sou lòt fason pou depoze yon plent).

Nòmalman, PRS pa pral bay rapò estanda pou yon plent anonim ki soumèt bay PRS. Sepandan, PRS ka itilize enfòmasyon ki nan yon plent anonim jan yo jije li apwopriye pou egzèse otorite sipèvizyon jeneral Depatman an (Tanpri gade Seksyon (XVIII) [Gid sa a](#) pou jwenn plis enfòmasyon).

Lòt Fason pou Depoze yon Plent

Anplis fòm resepsyon sou entènèt ki diskite pi wo a, PRS aksepte plent ki soumèt pa faks, imèl, lapòs ameriken, ak an pèsòn. Nenpòt moun ki prefere oswa ki bezwen resevwa yon kopi fòm resepsyon an sou papyè, ki gen difikilte pou aksede a fòm sou entènèt la, ki gen kesyon adisyonèl, oswa ki bezwen asistans pou soumèt yon plent, ka kontakte biwo PRS la pou jwenn asistans. Anplwaye PRS yo ka bay asistans rezonab a pleyan yo ki ka pa kapab soumèt yon plent alekri. Asistans rezonab sa a ka gen ladan transkripsyon resepsyon oral pleyan an pa telefòn. Pou chèche sipò pou soumèt yon plent PRS, tanpri kontakte biwo PRS la nan:

Problem Resolution System Office
Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education
135 Santilli Highway – Everett, MA 02149
Telefòn Prensipal: 781-338-3700
TTY: N.E.T. Relè: 1-800-439-2370
Faks: 781-338-3710
Imel: compliance@doe.mass.edu

a) Kopi Plent lan pou Lòt Pati a

Pleyan yo dwe voye yon kopi plent la ki siyen, alekri bay distri lekòl la, lekòl la, oswa ajans piblik yo pote plent kont li a, nan menm moman plent lan depoze nan PRS la. Si yo depoze yon plent atravè fòm resepsyon sou entènèt PRS la, yo pral voye yon kopi plent lan ak tout dokiman ki telechaje otomatikman bay antite pleyan an idantifye a.

b) Konfidansyalite ak Aksè Tyès Pati a nan Enfòmasyon yo

Enfòmasyon ki gen rapò ak plent PRS yo estoke nan yon baz done elektwonik epi moun ki gen aksè a baz done elektwonik la sijè a [Politik ak Nòm Sekirite Enfòmasyon Commonwealth Massachusetts yo](#).

PRS pa pral pataje enfòmasyon elèv ki ka idantifye pèsonèlman avèk yon tyès pati sòf si PRS gen konsantman ekri ki otorize li pataje enfòmasyon sa yo oswa lòt dokiman ki bay tyès pati a dwa pou aksede a enfòmasyon ki otreman pwoteje (*egzanp*, an repons a yon sitasyon pou konparèt oswa lòd tribinal jidisyè ki emèt legalman jan 34 CFR § 99.31(a)(9)(i) ak (ii)) pèmèt sa).

Si yon moun oswa yon òganizasyon tyès pati depoze yon plent nan non yon elèv epi li pa bay PRS konsantman alekri ki otorize li pataje enfòmasyon pwoteje elèv la, PRS pral mande yon divilgasyon enfòmasyon paran / responsab legal elèv la oswa elèv la si sa apwopriye.

Si yon moun oswa yon òganizasyon tyès pati depoze yon plent nan non yon elèv espesifik oswa yon gwoup elèv epi PRS pa resevwa konsantman alekri oswa lòt dokiman ki otorize li pataje enfòmasyon pèsonèl elèv la, nenpòt enfòmasyon ki ka idantifye pèsonèlman sou elèv la pral efase nan korespondans PRS ak desizyon yo bay pleyan an. Nan kèk ka, efasman ka pa ase pou pwoteje enfòmasyon pèsonèlman idantifyab sou elèv la kont divilgasyon. Nan ka limite sa yo, PRS ka deside li pa pral bay yon kopi desizyon oswa korespondans li a tyès pati ki pote plent lan. Ka ra sa yo pral trete sou yon baz ka-pa-ka nan diskresyon PRS. Menm si PRS pa kapab bay yon desizyon alekri a, PRS ap toujou mennen investigasyon sou plent lan epi bay yon desizyon alekri ki trete chak akizasyon epi li gen ladan konstatasyon fè yo, konklizyon, motif desizyon final la, ak tout aksyon korektif ki jije apwopriye.

V. Kontni obligatwa yon Plent

Yon pleyan **pa** oblije bay yon deklarasyon sou sèman oswa notarye, oswa yon afidavit. Sepandan, plent konsènan edikasyon espesyal yo dwe alekri ak siyen pa pleyan an, swa li itilize fòm resepsyon sou entènèt PRS la elektwonikman oswa li soumèt yon dokiman alekri, siyen. Byenke

itilizasyon fòm PRS la pa obligatwa, yon plent dwe gen ladan enfòmasyon sa yo pou yo konsidere li sifizan:

1. Plent lan dwe gen yon akizasyon distri lekòl la, lekòl piblik la, kolaborasyon edikatif, lekòl charter, lekòl prive edikasyon espesyal ki apwouve, oswa ajans piblik jan [34 C.F.R. §300.33](#) defini l lan, pa t respekte Pati B Lwa sou Edikasyon Moun Andikape yo (IDEA), [règleman aplikasyon](#) li yo nan [34 CFR Pati 300](#), oswa lwa ak règleman edikasyon espesyal eta a. Plent yo pa bezwen fè referans oswa site dispozisyon espesifik legal oswa reglemantè yo.
2. Plent lan dwe deklare yon vyolasyon ki te fèt depi pa plis pase yon ane anvan dat yo resevwa plent lan an akò avèk [34 CFR §300.151](#).
3. Plent lan dwe gen ladan fè akizasyon an baze sou yo a.
4. Siyati ak enfòmasyon kontak pou pleyan an; epi
5. Si plent lan gen rapò ak yon elèv patikilye, plent lan dwe gen ladan:
 - 1) Non ak adrès rezidans elèv la.
 - 2) Non lekòl elèv la ap frekante a.
 - 3) Nan ka yon timoun oswa jèn ki sanzabri, nan sans Lwa McKinney-Vento sou Asistans pou Sanzabri (42 USC § 11434a (2)), kowòdone ki disponib pou elèv la, ak non lekòl elèv la ap frekante a;
 - 4) Yon deskripsyon nati pwoblèm elèv la, ki gen ladan fè ki gen rapò ak pwoblèm nan; epi
 - 5) Yon pwopozisyon rezolisyon pou pwoblèm nan nan mezi li koni epi disponib pou pati a nan moman plent lan depoze a.

Nenpòt plent ki depoze nan PRS ki deklare yon vyolasyon lwa sou edikasyon espesyal eta a ([M.G.L. c. 71B](#)) oswa règleman edikasyon espesyal eta a ([603 C.M.R. 28.00](#) oswa [603 C.M.R. 18.00](#)) pa yon distri lekòl, lekòl piblik, kolaborasyon edikatif, lekòl charter, oswa lekòl edikasyon espesyal prive apwouve dwe satisfè kondisyon 2-5 pi wo a tou.

Anplis enfòmasyon ki **nesesè** pi wo a, PRS mande tou sèten enfòmasyon **fakiltatif** nan kad pwosesis resepsyon li a. Enfòmasyon sa yo gen ladan, men pa sèlman, non lekòl elèv la te

frekante nan moman enkyetid la, si li diferan de lekòl aktyèl elèv la, epi si pleyan an ta renmen soumèt dokiman pou sipòte akizasyon li a (yo). Byenke enfòmasyon sa yo itil nan pwosesis plent lan, yon pleyan pa oblije soumèt enfòmasyon fakiltatif sa yo.

VI. Delè pou Depoze yon Plent konsènan Edikasyon Espesyal

Plent ki soumèt bay PRS la dwe deklare yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase yon ane anvan dat yo resevwa plent alekri a. Yon pleyan ka, men li **pa** oblije, enkli referans oswa sitasyon nan dispozisyon espesifik lwa oswa règleman edikasyon espesyal etatik oswa federal yo.

PRS ka jwenn epi egzamine enfòmasyon ki depase peryòd yon ane a si li nesèsè pou detèmine sa ki te pase pandan delè yon ane ki aplikab la. Enfòmasyon sa yo ka itilize pou bay kontèks ki enpòtan pou evalye evènman ki tonbe nan kad plent lan.

a) Dat Resepsyon

PRS pral detèmine dat depo plent lan pou tout delè ki enpòtan yo konsa:

- 1) Pandan lè travay nòmal: Si yo resevwa yon plent pandan lè travay nòmal (8:45 a.m. rive 5:00 p.m. nan jou travay regilye), yo dwe konsidere plent lan resevwa nan menm dat la.
- 2) Apre lè nòmal ouvèti: Si yo resevwa yon plent apre lè nòmal ouvèti (apre 5:00 pm, wikenn, oswa jou ferye), yo dwe konsidere plent lan resevwa pwochen jou ouvrab la.

b) Tretman Plent lan

PRS pral egzamine plent lan pou tout kontni ki nesèsè yo epi detèmine si gen yon akizasyon enkonfòmite oswa si yo ka bezwen plis enfòmasyon. Si yon plent satisfè kritè ki endike nan [seksyon V](#) nan gid sa a epi li tonbe nan konpetans PRS jan sa endike nan [seksyon III](#) nan gid sa a, PRS ap kòmanse yon investigasyon.

Si PRS detèmine plent lan ensifizan sou baz egzijans ki endike anwo a, yo pral avize pleyan an ak distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la alekri, ansanm ak rezon ki fè plent lan ensifizan.

Si plent lan pa ouvri paske li pa t gen tout enfòmasyon ki nesesè yo, pleyan an ka depoze yon nouvo plent ak enfòmasyon ki nesesè ki pral sijè a yon nouvo delè ki baze sou nouvo dat soumisyon an.

PRS ka, nan sèl diskresyon li, konsolide administrativman plizyè plent si yo enplike menm pati yo. PRS pral bay pati yo avi sou tout konsolidasyon administratif.

VII. Tantativ Rezolisyon Pandan yon Plent Annatant

Yo ankouraje pati yo kontinye travay ansanm pou rezoud konfli yo anvan, pandan, ak apre yon plent te depoze nan PRS. Nan kèk ka, pati yo ka twouve li itil pou aksede a Biwo Apèl Edikasyon Espesyal (BSEA) pou lòt opsyon rezolisyon dispit, ki gen ladan medyasyon, fasilitasyon reyinyon ekip Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP) yo, ak odyans sou pwosedi etabli a. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade: <https://www.mass.gov/orgs/bureau-of-special-education-appeals>.

VIII. Kalandriye pou Envestigasyon an

PRS pral rann yon desizyon alekri nan 60 jou kalandriye apre li resevwa plent konsènan edikasyon espesyal la. Sepandan, PRS ka pwolonje delè investigasyon plent konsènan edikasyon espesyal la nan sikonstans sa yo:

- 1) Pati yo volontèman chwazi angaje yo nan medyasyon leta patwone, epi dakò alekri pou pwolonje delè investigasyon plent lan pou pèmèt tan pou medyasyon, oswa
- 2) Gen sikonstans eksepsyonèl ki gen rapò ak yon plent patikilye ki egzije yon pwolongasyon jan PRS detèmine l sou yon baz ka-pa-ka.

Sa yo ka gen ladan faktè tankou katastwòf natirèl, sikonstans enprevi, oswa evènman inik nan plent aktyèl la ki konsiderableman afekte kapasite PRS pou ankete sou yon plent oswa Pati yo patisipe siyifikativman nan pwosesis la.

Si PRS detèmine yon pwolongasyon delè swasant (60) jou a apwopriye, Espesyalis PRS la pral bay pati yo avi alekri pou enfòmasyon yo sou pwolongasyon an, rezon pou pwolongasyon an, ak dat pwolonje kote PRS prevwa desizyon alekri a pral soti.

Eksepte pou delè swasant (60) jou ki diskite pi wo a, nenpòt dat limit ki gen rapò ak plent lan, tankou dat limit pou tout soumisyon nan PRS se PRS ki gen pouvwa pou deside l. Tout aksyon korektif dwe fèt pi vit posib, epi nan okenn ka pa pita pase yon ane apre idantifikasyon enkonfòmite a.

IX. Retire yon Plent

Yon pleyan ka chwazi retire plent li a nenpòt ki lè anvan yo rann yon desizyon. Si yon pleyan chwazi retire plent li a nenpòt ki lè anvan yo rann yon desizyon, pleyan an dwe kontakte Espesyalis PRS ki deziyen an.

X. Mennen Envestigasyon an

Si yon plent satisfè egzijans ki nan [seksyon III\(1\)\(e\)-\(f\) ak \(i\)](#) nan gid sa a, PRS pral mennen yon investigasyon endepandan epi jwenn ak egzamine tout enfòmasyon ki enpòtan yo, tankou sa ki annapre yo:

- PRS pral bay pleyan an opòtinite pou l soumèt lòt enfòmasyon, swa aloral oswa alekri, sou akizasyon ki nan plent lan an akò avèk [34 CFR § 300.152\(a\)\(2\)](#). Si PRS resevwa lòt enfòmasyon nan men pleyan an ki ka chanje kad investigasyon an (sa vle di, nouvo akizasyon enkonfòmite (yo) nan kad ki idantifye pa resepsyon orijinal la, PRS ka mete nouvo akizasyon an (yo) nan kad investigasyon ki egziste deja a oswa mande pleyan an pou l depoze yon nouvo plent PRS, nan diskresyon PRS. Si PRS enkli nouvo akizasyon an (yo) nan kad investigasyon ki egziste deja a, PRS pral bay yon avi a pati yo depoze plent kont li a.
- PRS pral bay ajans piblik la opòtinite pou reponn a plent lan, tankou, nan yon minimòm-

- Nan diskresyon ajans piblik la, yon pwopozisyon pou rezoud plent lan; epi
- Yon opòtinite pou yon paran ki te depoze yon plent ak ajans piblik la volontèman angaje nan medyasyon ki konfòm avèk [34 CFR § 300.506](#).
- PRS ka mennen yon investigasyon sou plas.
- PRS ka fè entèvyou(yo).
- PRS ka konsidere done ak enfòmasyon ki enpòtan ki disponib nan Depatman an konsènan akizasyon yo te souleve yo.
- PRS ka bay yon Demann pou Rapò Lokal (RLR), ki se yon lèt Depatman an te bay pati yo te pote plent kont li a ki bay pati sa a yon opòtinite pou reponn a plent lan, bay yon pwopozisyon pou rezoud plent lan (si li chwazi fè sa), epi bay pati yo yon opòtinite pou angaje volontèman nan medyasyon dapre [34 CFR § 300.152 \(a\)\(3\)](#). RLR ka mande tou enfòmasyon espesifik oswa dokiman ki ka ede Depatman an nan investigasyon li sou enkyetid ki souleve nan plent lan.
 - Si PRS bay yon RLR, demann lan ap gen yon dat kote moun ki resevwa l la dwe reponn. Sepandan, nan sèl diskresyon PRS, PRS ka dakò avèk yon dat soumisyon altènatif.
 - Si yon distri lekòl, lekòl, oswa ajans piblik rekonèt enkonfòmite avèk egzijans ki aplikab yo, li ka soumèt yon pwopozisyon Plan Aksyon Korektif pou PRS egzamine. Sepandan, PRS pral rann yon desizyon endepandan konsènan tout enkonfòmite ak Plan Aksyon Korektif ki nesesè.
- Repons RLR la rele Repons Lokal. Pleyan an dwe resevwa yon kopi Repons Lokal la ak dokiman ki asosye yo. Sepandan, ReponsLokal yo bay pleyan an ka bezwen efase pou pwoteje enfòmasyon yon tyès pati ki pèsoneyman idantifyab.

Si nenpòt ki lè pandan yon investigasyon PRS sou yon plent ki gen rapò ak yon elèv patikilye, PRS idantifye yon enkonfòmite sistemik potansyèl (egzanp, enkyetid ki afekte salklas, lekòl, oswa tout distri a), PRS pral mennen investigasyon sou enkyetid sistemik yo idantifye yo epi bay pati a yon opòtinite pou reponn.

a) Dènnye Opòtinite pou Pleyan an Soumèt Lòt Enfòmasyon

Yo ankouraje yon pleyan soumèt enfòmasyon, tankou dokiman ki gen rapò ak akizasyon yo lè l ap depoze plent li a. Pleyan an ka soumèt plis enfòmasyon, swa aloral oswa alekri, sou akizasyon yo pandan investigasyon sou plent li a. PRS pral etabli yon delè, nan diskresyon li, pou pleyan an soumèt lòt enfòmasyon. Y ap fikse delè a yon fason pou pa retade achèyman investigasyon nan nan delè yo egzije a.

b) Demann Posib Enfòmasyon Annapre

PRS egzamine tout enfòmasyon enpòtan ki gen rapò ak plent lan. Pandan investigasyon li, PRS ka detèmine li nesesè pou mande lòt enfòmasyon oswa dokiman nan men youn oswa toude pati yo. PRS detèmine ki enfòmasyon ki nesesè pou mennen yon investigasyon konplè ak endepandan sou akizasyon ki nan plent lan epi detèmine si te gen vyolasyon lwa oswa règleman edikasyon espesyal federal oswa etatik.

Byenke PRS oblije konsidere tout enfòmasyon ki gen rapò ak yon investigasyon sou plent, PRS pa ka konsidere, nan diskresyon li, okenn enfòmasyon ki soumèt anreta oswa pa alè.

XI. Detèminasyon an

Dapre [34 CFR § 300.152 \(a\)\(4\)](#), PRS pral egzamine tout enfòmasyon ki enpòtan epi detèmine yon fason endepandan si distri lekòl la, lekòl la, oswa ajans piblik la te vyole lwa oswa règleman edikasyon espesyal federal oswa etatik ki aplikab yo.

Lè investigasyon an fini, PRS pral rann yon desizyon alekri ki trete chak akizasyon ki egzamine nan investigasyon li a epi mete ladann konstatasyon fè yo, konklizyon yo, ak rezon pou desizyon final la. Y ap bay pleyan an desizyon an alekri an anglè epi yo ka tradui li, si sa nesesè, nan lang prensipal pleyan an.

PRS pral bay yon konsta **enkonfòmite** lè li detèmine distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la te respekte lwa oswa règleman edikasyon espesyal ki aplikab yo, jan sa endike nan desizyon ekri a. Nòmalman tout pati yo resevwa yon kopi desizyon ekri a ki fè pati yo konnen tou plent lan fèmen.

PRS pral bay yon konsta **enkonfòmite** lè li detèmine distri a, lekòl la oswa ajans piblik la pa t respekte lwa oswa règleman edikasyon espesyal ki aplikab yo. Nòmalman tout pati yo resevwa yon kopi desizyon alekri a.

XII. Aksyon Korektif

Lè PRS emèt yon konsta enkonfòmite, PRS ka mande distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la pou aplike aksyon korektif la (yo).

Prepare Lòd Aksyon Korektif yo

PRS gen gwo otorite pou detèmine aksyon korektif ki nesèsè pou rezoud enkonfòmite ki idantifye nan yon plent espesifik. Yo prepare aksyon korektif pou adrese yon pwosedi, politik, oswa pwosesis ki pa konfòm, bay solisyon nan nivo elèv yo, oswa toude, epi li dwe adrese:

- 1) Echèk pou bay sèvis apwopriye, tankou aksyon korektif apwopriye a (yo) pou adrese bezwen timoun nan (tankou sèvis konpansasyon oswa ranbousman monetè); epi

(2) founi sèvis apwopriye alavni pou tout elèv ki gen andikap yo.

Aksyon korektif yo ka gen ladan, men pa sèlman, fòmasyon anplwaye, egzijans rapò adisyonèl, chanjman politik, prim monetè, ak sèvis konpansasyon. Nan ka yon plent ki gen rapò ak yon elèv patikilye kote PRS te jwenn enkonfòmite, aksyon korektif la ka gen ladan yon egzamen pèsonalize (*egzanp*, egzamen dosye, *elatriye*) elèv ki nan menm sitiyasyon an pou detèmine bezwen pou plis entèvansyon sistematik Depatman an si genyen.

Nan kèk ka, PRS ka mande distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la pou fè rapò siplemantè oswa siveyans pou asire aplikasyon konplè aksyon obligatwa a (yo) ak konfòmite kontinyèl la. PRS detèmine aksyon korektif ki apwopriye ak nesèsè sou yon baz ka-pa-ka. Pou detèmine yon aksyon korektif, PRS konsidere nati ak dimansyon enkonfòmite a, enpak sou elèv ki enplike a (yo), ak mezi ki nesèsè pou reyalize konfòmite ak bay sèvis apwopriye alavni pou tout elèv ki gen andikap yo.

Pou detèmine solisyon nan nivo elèv yo, PRS konsidere, jan li jije sa apwopriye, si yo te refize elèv la FAPE, dimansyon sèvis ki manke yo, ak si elèv la pa t fè pwogrè efikas pandan peryòd enkonfòmite yo idantifye a.

Nan preperasyon lòd aksyon korektif yo, PRS pral etabli dat limit distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la dwe poze aksyon ki nesesè yo ak dat limit distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la dwe soumèt dokiman yo bay PRS. Dat limit sa yo nan diskresyon PRS epi yo fikse nan objektif pou asire yo rezoud enkonfòmite a pi vit posib epi nan okenn ka pa plis pase yon ane.

Si distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la rekonèt enkonfòmite a epi pwopoze yon plan aksyon korektif, PRS ka, apre yon detèminasyon endepandan enkonfòmite a, adopte, modifye, oswa rejte aksyon korektif yo pwopoze a (yo) oswa enpoze lòt aksyon korektif li jije apwopriye. Si PRS adopte aksyon korektif yo pwopoze a epi detèmine aksyon korektif yo te aplike, desizyon alekri PRS la ap gen ladan konsta enkonfòmite a (yo) epi avi ki di afè a fèmen.

Aplikasyon Aksyon Korektif

Yo pase enstriksyon pou distri yo, lekòl yo, oswa ajans piblik yo soumèt tout aksyon korektif ki nesesè yo nan dat limit ki presize nan PRSCAP@doe.mass.edu.

Yon fwa yo emèt yon detèminasyon ki gen ladan aksyon korektif, PRS pral nòmalman deziyen yon Espesyalis PRS pou egzamine ak detèmine si distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la te respekte mezi korektif ki nesesè nan Lèt Konstatasyon an. Pou ranfòse aksyon korektif yo te òdone a, Espesyalis PRS la ka bay asistans teknik, bay lòd, bay lòt aksyon korektif adisyonèl, ak / oswa poze lòt aksyon ki nesesè pou reyalize konfòmite a. Pou verifye koreksyon enkonfòmite a, PRS ka pran mezi tankou fè yon revizyon dosye yo, fichye done yo, ak lòt sous enfòmasyon fyab pou verifye koreksyon.

Enkonfòmite PRS idantiye a dwe korije pa distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la pi vit posib, epi nan okenn ka pa pita pase yon ane apre PRS te idantifye enkonfòmite a. [34 C.F.R. §300.600\(e\)](#). Nan

sikonstans ki ra, si yon distri, lekòl, oswa ajans piblik pa korije enkonfòmite ki idantifye a alè (sa vle di, nan yon ane kalandriye apre PRS te detèmine enkonfòmite a), PRS dwe toujou verifye si enkonfòmite a te korije apre sa. Alafen, si PRS pa verifye si yo te korije enkonfòmite a nan delè yon ane a, PRS pa pral fèmen konsta orijinal la epi li ka enpoze lòt aksyon korektif ak / oswa pouswiv aksyon aplikasyon yo, jan li jije sa nesesè.

Yon fwa PRS te detèmine distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la rive konfòme yo konplètman avèk aksyon korektif ki nesesè yo, PRS pral bay yon Lèt Fèmti ki dekri aksyon korektif ki nesesè yo ak kijan distri a, lekòl la oswa ajans piblik la te satisfè egzijans yo.

XIII. Aksè Pati yo a Enfòmasyon yo pandan Pwosesis Plent PRS la

Se devwa PRS pou mennen investigasyon sou plent lan, rasanble prèv ki enpòtan, epi detèmine si yon distri lekòl, lekòl, oswa ajans piblik te vyole lwa oswa règleman edikasyon espesyal federal oswa etatik yo. **Règleman IDEA federal yo pa mande pou PRS pèmèt pati yo egzamine dokiman lòt pati a soumèt.**² Sepandan, PRS *jeneralman* mande pou tou de pati yo resevwa tip dokiman sa yo si yo soumèt yo bay PRS:

- Resepsyon Plent PRS, tankou tout lòt dokiman yo soumèt bay PRS;
- Soumisyon Repons Lokal Distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la;
- Lòt dokiman ki, nan jijman PRS, gen yon enpak konsiderab sou detèminasyon an e ki pa aksesib pou lòt pati a;
- Lòt enfòmasyon pleyan an te soumèt; epi
- Soumisyon Aksyon Korektif Final yo, sof si PRS endike otreman.

Dokimantasyon yo bay pleyan an dwe bay ni nan lang anglè ni nan lang prensipal li.

² Anplis de sa, OSEP te klarifye, "*pwosesis plent Eta a fèt pou l mwens kontradiktwa pase depo yon plent konsènan pwosedi ekitab ak posib odyans pwosedi ekitab. Pwosedi plent Eta a...pa bay pati yo dwa pwosedi laj yo bay pati yo nan kad yon odyans pwosedi ekitab. Pa egzanp, pwosesis plent Eta a pa mande pou pati yo bay prèv, ni yo pa mande pou yon Eta a pèmèt pati yo egzamine dokiman lòt pati a soumèt oswa kesyon temwen ki deja temwaye yo.*" 71 Fed. Reg. 46540, 46605 (14 out 2006) [Lèt pou Reilly \(OSEP 2014\)](#) (anfaz te ajoute).

Nan sèl diskresyon li, PRS ka mete limit rezonab sou pratik sa a, tankou, men pa sèlman, ka kote echanj enfòmasyon avèk pati opoze a ka lakòz yon reta nan emisyon yon detèminasyon PRS. Si w gen kesyon konsènan echanj enfòmasyon pandan egzamen plent ou an, ou ka pale avèk Espesyalis PRS ki afekte a ka w la.

XIV. Finalite Desizyon an

Desizyon PRS yo definitiv epi yo pa ka fè apèl kont yo. Sepandan, yon pati oswa lòt la oswa toude ka chèche medyasyon oswa yon odyans pwosedi ekitab atravè Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la (BSEA) sou menm pwoblèm PRS adrese yo. Yon odyans pwosedi ekitab ta dwe yon nouvo pwosedi epi pa nan bi pou egzamine desizyon PRS la. Sepandan, desizyon odyans pwosedi ekitab BSEA a ta obligatwa pou pati yo epi yo ka fè apèl.

Si youn nan pati yo kwè konstatasyon fè nan desizyon definitiv alekri PRS la kontredi dokiman yo bay PRS pandan investigasyon li a, pati a ka notifye PRS, alekri, nan 10 (dis) jou kalandriye apati dat desizyon alekri a. PRS ka chwazi korije tout kontatasyon fè ki kontredi dosye a epi ki gen enpak sou rezilta ak konklizyon an (yo) nan desizyon definitiv alekri a.

Tanpri sonje, pwosesis sa a estrikteman limite a korije rezilta konstatasyon fè ki pa konfòm avèk prèv ki te soumèt pandan investigasyon an. Li **pa** fèt pou:

- Reegzamine oswa konteste nòm legal ki aplike nan desizyon an;
- Pa dakò avèk analiz PRS la, konklizyon (yo), oswa konstatasyon jeneral la (yo);
- Mande rekonsiderasyon rezilta a oswa aksyon korektif yo;
- Entwodui nouvo enfòmasyon ki pa deja fè pati dosye orijinal la.

Yon demann pou yon koreksyon faktyèl (fè yo) dwe:

- Idantifye konstatasyon fè a, tankou nimewo paj la ak seksyon desizyon final alekri a kote li parèt la, ak referans kote kontradiksyon an egziste nan dokiman ki soumèt pandan investigasyon an;
- Eksplike poukisa pati a kwè konstatasyon fè a se yon kontradiksyon;
- Endike ki jan konstatasyon fè ki kontradiktwa a gen enpak sou rezilta a ak konklizyon an (yo).

Yo p ap konsidere demann koreksyon yo pa resevwa nan lespas dis (10) jou kalandriye apre desizyon final alekri a, oswa ki pa gen ladan enfòmasyon ki nesesè yo.

PRS pral egzamine demann lan pou detèmine kisa, si genyen, aksyon ki nesesè ak apwopriye nan sikonstans yo. Byenke pwosesis limite sa a pa ka fini nan delè orijinal swasant (60) jou a pou rezolisyon plent lan, PRS pa pral retade aplikasyon okenn aksyon korektif ki nesesè nan desizyon final alekri a.

XV. Plent BSEA ak PRS konsènan Edikasyon Espesyal

Yo ankouraje pati yo pou yo kontinye travay ansanm pou rezoud konfli yo.

a) Medyasyon ak Plent PRS konsènan Edikasyon Espesyal

Lwa federal sou edukasyon espesyal la mande pou rann medyasyon volontè disponib pou ede rezoud konfli yo. Nenpòt lè, menm si yon plent konsènan edukasyon espesyal te deja depoze, pati yo ka dakò pou patisipe volontèman nan yon pwosesis medyasyon ki disponib atravè BSEA. *Si pati yo dakò angaje yo nan medyasyon BSEA sou pwoblèm ki tou sijè a yon plent PRS ki annatant an menm tan, yo ankouraje pati yo enfòme alafwa BSEA ak PRS sou medyasyon BSEA ak plent PRS la.*

Si yon akizasyon ki soulve nan yon plent se sijè yon medyasyon BSEA, PRS pral mande pati yo pou volontèman konsanti yon pwolongasyon delè a pou rezoud investigasyon PRS la sou akizasyon sa yo.

- Si toulède pati yo **dakò** pou pwolonje delè PRS ki gen rapò ak rezolisyon yon plent PRS pou rezon medyasyon, y ap mete plent lan sou kote. Pandan tan yo mete yon plent PRS sou kote dapre akò pati yo, yo pral afekte yon Espesyalis PRS pou ka a pou siveyans kontinyèl ak rekòmanse investigasyon an si pati yo pa kapab rezoud youn nan akizasyon yo te soulve nan plent PRS la pandan medyasyon yo. Espesyalis PRS la ka mande pati yo enfòmasyon ki gen rapò ak medyasyon an, tankou dat (yo) ki pwograme pou medyasyon an. Apre dat ki pwograme (yo) pou medyasyon an, Espesyalis PRS la pral kontakte pati yo pou detèmine si

akizasyon yo ki te souleve nan plent PRS la te rezoud, nan moman sa a tout akizasyon ki rete ki poko rezoud pral trete an konfòmite avèk egzijans gid sa a.

- Si tout pati yo **pa dakò** pou pwolonje delè PRS ki gen rapò ak rezolisyon yon plent PRS pou rezon medyasyon, PRS pral kontinye investigasyon an epi rann yon desizyon final alekri dapre 34 CFR § 300.152 (a) ak (b)(1)(i).

Si distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la ak pleyan an rezoud tout oswa yon pati nan akizasyon yo souleve nan plent lan, pleyan an ka retire plent lan oswa sèten akizasyon nan plent lan. PRS ka fèmen yon plent sou demann pleyan an, sof si yo te deja rive jwenn yon konsta ak yon konklizyon enkonfòmite alekri, oswa lòt sikonstans ki mande plis aksyon pa PRS. Sepandan, PRS ka aji jan li konsidere apwopriye pou trete tout enkonfòmite sistemik oswa pwoblèm ki pa te rezoud atravè medyasyon an.

b) Odyans Pwosedir Ekitab ak Plent PRS konsènan Edikasyon Espesyal

Dapre 34 CFR § 300.152 (c)(1), PRS dwe sispann investigasyon li sou nenpòt pwoblèm ki souleve nan yon plent PRS ki tou sijè a yon odyans pwosedir ekita BSEA an menm tan jiska konklizyon odyans lan.

Si plent PRS la gen ladan akizasyon vyolasyon ki pa an koz nan odyans pwosedir ekita BSEA a, akizasyon sa yo dwe rezoud nan delè 60 jou a, ki sijè a pwolongasyon akseptab.

Si tout akizasyon ki souleve nan yon **plent PRS sijè tou a yon demann odyans pwosedir ekita BSEA**, PRS dwe mete sou kote plent PRS la jiskaske BSEA rann yon desizyon final oswa odyans lan te konkli otreman.

Nenpòt ki lè yon plent PRS oswa nenpòt akizasyon nan yon plent PRS yo mete sou kote annatandan rezolisyon yon odyans pwosedir ekita BSEA, yo pral afekte yon Espesyalis PRS pou kontwòl estatik afè BSEA a epi rekòmanse investigasyon PRS la sou nenpòt akizasyon ki pa rezoud pa afè BSEA a. Pou pwoblèm sa a (yo) ki mete sou kote pandan odyans pwosedir ekita

BSEA a annatan la, yon fwa pwoblèm odyans pwosedi ekitab la te konkli avèk BSEA, PRS pral detèmine si yon pwoblèm ki soulve nan plent PRS la pa te trete nan odyans pwosedi ekitab la. Si gen pwoblèm ki rete san rezoud, PRS pral rekòmanse investigasyon an sou pwoblèm sa yo. Dapre 34 CFR § 300.152 (c)(2)(i), si yon ofisye odyans BSEA te deside sou yon pwoblèm nan yon odyans pwosedi ekitab ki enplike menm pati yo, desizyon ofisye odyans lan obligatwa sou pwoblèm sa a epi PRS pa ka envestige menm pwoblèm nan.

XVI. Revanj Entèdi

Revanj ka pran fòm entimidasyon, menas, kontrent, oswa diskriminasyon. Yon pati ki kwè yon distri lekòl, lekòl oswa ajans piblik te angaje nan aktivite revanj ta dwe kontakte PRS.

Biwo pou Dwa Sivil (OCR) nan Depatman Edikasyon Etazini gen otorite pou fè respekte dwa legal pou pa gen revanj dapre lwa federal sou dwa sivil yo ki entèdi diskriminasyon sou baz andikap, sèks, ras, koulè, laj, ak orijin nasyonal. Plent konsènan yon akizasyon revanj pou depo yon plent ka adrese tou a OCR nan:

Biwo pou Dwa Sivil yo
Depatman Edikasyon Etazini
Lyndon Baines Johnson Department of Education Building
400 Maryland Avenue, SW
Washington, DC 20202-1100
Telefòn: 800-421-3481
Faks: 202-453-6012; TDD: 800-877-8339
Imèl: OCR@ed.gov
<https://ocrcas.ed.gov/>

XVII. Plent konsènan elèv ki enskri nan lekòl prive avèk depans prive

Nan kèk sikonstans, yon responsab lekòl prive ka depoze yon plent nan PRS konsènan si yon ajans edikasyon lokal satisfè sèten kondisyon nan lwa edikasyon espesyal federal sou sèvis ekitab pou elèv lekòl prive ki gen andikap yo. Responsab lekòl prive a ka depoze yon plent nan PRS ki deklare ajans edikasyon lokal la pa t konfòme l avèk egzijans pou jwenn timoun yo pou idantifye elèv lekòl prive ki elijib pou sèvis ekitab paran yo, ki pa t angaje nan konsiltasyon siyifikatif ak alè,

oswa ki pa t byen pran an konsiderasyon opinyon lekòl prive a nan planifikasyon sèvis yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade 34 C.F.R. [§ 300.136](#).

XVIII. Sipèvizyon Jeneral Depatman an

DESE gen responsablite [sipèvizyon jeneral](#) dapre IDEA Pati B ak règleman aplikasyon li yo. Nan kad responsablite sipèvizyon jeneral li yo, DESE bay asistans teknik epi kontwole aplikasyon IDEA Pati B, règleman li yo, lwa ak règleman edikasyon espesyal eta a nan Massachusetts. Enfòmasyon PRS kolekte pandan aktivite asistans teknik li yo ak pwosesis plent li ki itilize pa Depatman an pou eklare aktivite sipèvizyon jeneral li yo, tankou dilijans rezonab ki gen rapò ak akizasyon kredib (yo).

XIX. Lis Tèm ak Definisyon yo

Sa ki anba la a se yon lis tèm ak definisyon ki itilize nan dokiman sa a.

1. **Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la (BSEA)** se yon antite ki separe de PRS ki fè odyans pwosedi ekitab e ki emèt jijman ak desizyon konsènan nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak elijiblite, evalyasyon, plasman, pwogram edikasyon pèsonalize (IEPs), livrezon edikasyon espesyal, ak pwoteksyon pwosediral pou elèv ki gen andikap. Plis enfòmasyon sou BSEA a disponib nan: <https://www.mass.gov/orgs/bureau-of-special-education-appeals>.
2. **Pleyan** se moun ki gen omwen 18 ane oswa plis oswa òganizasyon ki depoze yon plent nan PRS.
3. **Resepsyon Plent (oswa Resepsyon)** fè referans a [modèl fòm resepsyon Plent Eta](#) PRS la oswa lòt dokiman yo itilize pou depoze yon plent nan PRS. Resepsyon Plent lan dwe konfòm avèk egzijans ki endike nan [seksyon V\(a\)-\(e\)](#) gid sa a.
4. **Konsantman** vle di pèmisyon eklere, alekri.
5. **Plan Aksyon Korektif ("CAP")** fè referans a pati desizyon final PRS ki konstate enkonfòmite a ki endike distri a, lekòl la, oswa lòt antite a ki aksyon ki nesèsè pou reyalize konfòmite avèk egzijans legal ki aplikab yo. PRS ka mande distri a, lekòl la, oswa ajans piblik la pou aplike sèten aksyon ki idantifye oswa lòt mezi apwopriye pou trete mankman li konsènan respè lwa oswa règleman ki enpòtan an jan sa endike nan desizyon PRS la.
6. **Jou** vle di jou kalandriye sof si li endike otreman an akò avèk [34 CFR § 300.11](#).
7. **Depatman** fè referans a Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts.
8. **Konstatasyon konfòmite a** lè PRS detèmine yon distri lekòl, lekòl, oswa ajans piblik te respekte egzijans legal ki aplikab yo.
9. **Konstatasyon enkonfòmite a** fèt lè PRS detèmine yon distri lekòl, lekòl, oswa ajans piblik pa t swiv oswa pa swiv egzijans legal ki aplikab yo.
10. **Plent konsènan Edikasyon Jeneral** fè referans a plent ki pa satisfè definisyon plent konsènan edikasyon espesyal men ki otreman gen rapò ak livrezon edikasyon leta finanse pa yon distri lekòl, lekòl, oswa lòt moun ki resevwa lajan leta oswa federal.

11. **Lwa sou Edikasyon Moun Andikape yo (IDEA)** se lwa federal ki ofri pwoteksyon pou elèv elijib ki gen andikap, tankou, men pa sèlman, dwa pou resevwa yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE) nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an (LRE). IDEA, Pati B a egzije pou Depatman an gen yon sistèm plent leta pou rezoud litij konsènan konfòmite ak pwoteksyon ki endike nan IDEA Pati B ak règleman ki akonpaye li yo. Règleman federal ki aplike IDEA Pati B a mande pou Depatman an mennen investigasyon sou plent edikasyon espesyal nenpòt moun oswa òganizasyon, tankou sa ki soti nan lòt eta yo, ki gen tout enfòmasyon ki nesesè dapre [34 CFR §300.151](#) jiska [300.153](#).
12. **Repons lokal** se yon oswa plizyè dokiman ki prepare pa pati yo te depoze yon plent kont li a, ki trete fòmèlman akizasyon ki endike nan yon plent epi ki adrese a Depatman an.
13. **Pati yo** enkli moun oswa òganizasyon ki depoze plent nan PRS ak distri lekòl yo, lekòl yo, oswa ajans piblik yo pote plent kont yo a.
14. **Elèv paran plase nan lekòl prive**, jan sa itilize nan gid sa a, se yon elèv ki ale nan yon lekòl prive nan Massachusetts nan depans prive, oswa ki nan lekòl adomisil. Sa vle di yon paran, gadyen, oswa yon lòt moun oswa òganizasyon peye ekolaj elèv la (si genyen), non pa distri lekòl la oswa yon ajans piblik. Sa a pa gen ladan yon elèv yo mete nan yon lekòl edikasyon espesyal prive oswa pwogram apwouve pa Ekip IEP elèv la.
15. **PRS** fè referans a Sistèm Rezolisyon Pwoblèm Depatman an, ki se biwo Depatman an ki responsab pou trete plent piblik la, jan sa dekri nan gid sa a.
16. **Espesyalis PRS** se yon manm pèsònèl Depatman an ki reponn kesyon ak plent, ki mennen investigasyon sou akizasyon enkonfòmite, epi ki bay enfòmasyon a piblik la ak distri lekòl yo konsènan egzijans edikasyon yo.
17. **Ajans piblik**, jan yo itilize l nan gid sa a, gen ladan ajans edikasyon lokal yo (LEAs), Depatman an kòm Ajans Edikasyon Eta a (SEA), ak tout lòt antite ki kouvri pa [34 CFR § 300.33](#).
18. **Demann pou Rapò Lokal (RLR)** se yon lèt PRS bay pandan pwosesis plent lan ki adrese a pati yo depoze plent kont li a. RLR bay pati sa a yon opòtinite pou reponn a plent lan, bay yon pwopozisyon pou rezoud plent lan (nan sèl diskresyon li), epi bay pati yo yon opòtinite

- pou angaje volontèman nan medyasyon. RLR ka mande tou enfòmasyon espesifik oswa dokiman ki ka ede Depatman an nan investigasyon li sou enkyetid ki soulve nan plent lan.
19. **Revanj**, jan yo itilize l nan gid sa a, vle di tout fòm entimidasyon, menas, kontrent, oswa diskriminasyon ki vize yon moun paske li te egzèse dwa legal li nan depoze yon plent nan PRS.
 20. **Distri lekòl la** oswa **distria**, jan yo itilize l nan gid sa a, gen ladan yon lekòl piblik, distri lekòl, Lekòl Vityèl Commonwealth, oswa lekòl charter.
 21. **Lekòl** jan li itilize nan gid sa a ka fè referans a yon lekòl piblik, kolaborasyon edikatif, lekòl edikasyon espesyal prive, pwogram, oswa plasman Depatman an apwouve.
 22. **Edikasyon espesyal** vle di ansèyman ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen inik elèv ki elijib la oswa sèvis asosye ki nesesè pou gen aksè nan kourikoulòm jeneral la epi li dwe gen ladan pwogram ak sèvis ki tabli nan lwa ak règleman edikasyon espesyal etatik ak federal yo.
 23. **Plent konsènan edikasyon espesyal** se yon plent ekri, siyen, ki otreman respektè egzijans ki endike nan [seksyon V\(a\)-\(e\)](#) gid sa a, ki gen rapò ak yon akizasyon ki di: (a) yon lekòl piblik, distri lekòl, lekòl prive edikasyon espesyal ki apwouve, kolaborasyon edikatif, Depatman an, oswa yon lòt ajans piblik te vyole Pati B IDEA a oswa règleman ki akonpaye li yo; oswa (b) yon lekòl piblik, distri lekòl, lekòl prive edikasyon espesyal ki apwouve, oswa kolaborasyon edikatif te vyole lwa edikasyon espesyal eta a ([MGL c.71b](#)) oswa règleman edikasyon espesyal eta a ([603 C.M.R. 28.00](#) oswa [603 C.M.R. 18.00](#)). Plent konsènan edikasyon espesyal la ka soulve akizasyon ki gen rapò a yon elèv patikilye oswa yon gwoup elèv yo.
 24. **Medyasyon konsènan edikasyon espesyal** se yon pwosesis volontè pou rezoud konfli ki gen rapò ak edikasyon espesyal BSEA jere, kote yon medyatè san patipri ki resevwa fòmasyon ap travay pou ede pati yo rezoud konfli oswa solisyon pwoblèm. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou medyasyon nan BSEA [isit la](#).
 25. **Tyès pati** se yon moun ki pa elèv adilt la oswa paran / responsab legal elèv la.